**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**
**A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKA INSTITUTI**

**TARIYX FAKUL`TETI**

**TARIYX OQITIW METODİKASI KAFEDRASI**

5110600-tariyx oqıtıw metodikası bakalavr ta`lim bag`darı
3 a kurs talabası Nartajiev Allayar Kutlumuratovichtın`
**«O`zbekistan tariyxı»** pa`ninen

# ***K U R S   J U M I S I***

## TEMA: ORTA AZIYADA MILLIY AYMAQLIQ SHEGARALANIWININ' O'TKIZILIWI, SEBEP HA'M AQIBETLERI

**Ilimiy basshı:**
**t.i.d., B.Shamambetov**

No`kis 2016

# TEMA: Orta Aziyada milliy aymaqliq shegaralaniwinin’ o’tkiziliwi, sebep ha’m aqibetleri

REJE:

Kirisiw…………………………………………………………………….......2

I Bap: Orta Aziyada milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ o’tkiziliwi

1.1 “Bo’lip taslap, hu’kimranliq qil”……………………………………………4

1.2 Milliy aymaqliq shegaralaniwdi o’tkiziwden go’zlengen maqset…………6

II Bap: Orta Aziyada o’tkerilgen milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ tariyxta tutqan orni

2.1 Milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ a’hmiyeti, sebep ha’m aqibetleri……...9

2.2 O’zbekstan SSR inin’ du’ziliwi……………………………………………12

2.3 Milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ Qaraqalpaqstang’a ta’siri……………..15

Juwmaqlaw…………………………………………………………………19

Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi…………………………………………….20

Qosimshalar……………………………………………………………………21

## Kirisiw

**Temanin' aktuallig'i:** Ma'lim, Orta Aziya aymag'inda a'yyemnen tili, dini, tariyxi, ma'deniyati, u'rip-a'det, da'stu'rleri bir-birine ju'da' jaqin tuwisqan xaliqlar jasap kelgen. Bul jerde jasag'an o'zbekler, tu'rkmenler, ta'jikler, qazaqlar, qirg'izlar, qaraqalpaqlardin' xojaliq turmisi, jasaw ta'rzi, da'stu'rleri de uqsas bolip, usi muqaddes ma'ka'ndi o'zlerinin' watani dep bilgen. "Biz ildizi, tamirlari bir qiyli xaliqpiz" degen ideya a'zelden a'wladtan-a'wladqa o'tip keledi. Bul ideya turaqli aymaqtin' pu'tinligi,birligine qa'wip tuwilg'anda ku'shli,jen'ilmes tu'sinikke aylang'an, xaliqlardin' bir-birinen ajiralip, uzaqlasip ketiwine jolqoymag'an. Olar barqulla bir-birlerine ag'a-ini, quda-qudag'ay bolg'an. Jurtbasshimiz Islam Karimov aytqaninday, "Bizdin' ata-babalarimiz da, momolarimiz da bir". Biraq, sovet hu'kimeti tariyxiy jaqtan bir pu'tin bolip qa'liplesip kiyatirg'an xaliqlardi bo'lip taslaw siyasatin alip bardi. Bul siyasat usi jerlerde jasawshi xaliqlardin' keleshekte birlesip bir ma'mleket du'ziwine jol qoymaw ushin islengen sovet hu'kimetinin' hiylesi edi. Sovet da'wirinde a'melge asirilg'an milliy-aymaqliq shegaralaniw protsessinde jol qoyilg'an qa'telikler ele deyin O`zbekistan ha'm og'an qon'isi bolg'an ma'mleketler: Tu'rkmenstan, Ta'jikstan, Qazaqstan ha'm Qirg`izstan respublikalarinin' ha'zirgi turmisina ta`sir ko'rsetpekte.

**Temanin' maqset ha'm waziypalari:** Temanin' maqseti – 1924-jili o'tkizilgen milliy-aymaqliq shegaralaniwdin' sebep ha'm aqibetlerin u'yreniw.

Temanin' waziypasi – Orta Aziya aymag'inda a'yyemnen jasap kiyatirg'an xaliqlar bul jerlerdi o'zlerinin' watani, ata-babalarinin' kindik qani to'gilgen muqaddes ma'kan dep biledi. Sovet hu'kimeti nege Orta Aziyani bo'lip jiberdi? Nege milliy aymaqliq shegaralaniw o'tkizilgenligin analiz qiliw.

**Temanin' izertlew obekti:** Kurs jumisin jaziwda O'zbekstan Respublikasi prezidenti Islam Karimov shig'armalari ha'm O'zbekstan tariyxi sabaqliqlari ilimiy-metodikaliq tiykar sipatinda paydalanildi.

**Kurs jumisinin' du'zilisi:** Kurs jumisinin' du'zilisi: Kirisiw, 2 bap, 5 paragraf, juwmaqlaw, qosimshalar ha'm paydalanilg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

## I Bap: Orta Aziyada milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ o’tkiziliwi

### 1.1 “Bo’lip taslap, hu’kimranliq qil”

Ma`lim, Tu’rkstan xaliqlari sovet ma’mleketshiligin ta’n almadi. U`lke jetekshileri Tu’rkstan g’a’rezsziligi ideyasin ilgeri su’rdi. Olar pu’tkil aymaqti bir pu’tin halda g’a’rezsiz boliwi, hesh bolmag’anda Rossiya federatsiyasi quramindag’i avtonom boliwi ushin gu’res alip bardi.

Xalqimiz tariyxindag’i birinshi demokratik hu’kimet ha’m "Turkstan avtonomiyasi" dep quri atalmag’an edi. Biraq bul hu’kimet uzaq xizmet ko’rsete almadi. Sebebi bolsheviklerge bul hu’kimetdin’ xizmeti tuwri kelmeytug’in edi. Tu’rkstan Xaliq Komissarlar Soveti (XKS) basshilig’inda "Tu’rkstan avtonomiyasi" saplastirildi. Tu’rkstan ko’p jillar dawaminda koloniyashilar zu’limi astinda ezildi. Koloniyashilar u’lkeni basqariwda da’slep o’zlerine xizmet qiliwshi quramali sistemani ja’riya qiliwg’a umtildi. Bunda olar "bo’lip taslap – hu’kimrarliq qil" degen printsipke a’mel qildi.[1]

Sovetler hu’kimeti ha’m Kompartiya Tu’rkstanda “Leninsha milliy siyasati” niqabi astinda ja’ha’n tariyxinda ko’rilmegen da’rejede reaktsion siyasat alip bardi. Bul siyasattin’ basli jo’nelisi “bo’lip taslap, hu’kimranliq qil” uraninan ibarat bolip, ol a’zelden, a’sirler boyi jalg’iz ha’m bir pu’tin bolg’an Tu’rkstandi bo’lsheklep jiberiwge qaratilg’an edi. Sovetler hu’kimeti ha’m Kompartiyanin’ jalg’iz ha’m bo’linbeytug’in bir pu’tin bolg’an Orta Aziyani jasalma tu’rde milliy belgilerine qarap, bo’lip taslawg’a qaratilg’an joli tu’pkilikli jerli musilman xaliqtin’ milliy ma’plerine uliwma qarama-qarsi edi. Sebebi, bul jol a’zel-a’zelden a’sirler boyi u’lkede jalg’iz millet sipatinda jasap kiyatirg’an tili, dini, u’rip-a’deti, ma’deniyati ha’m kelip shig’iw tariyxi bir bolg’an xaliqlardi bo’lip jiberiw, bir-birinen uzaqlastiriwg’a xizmet qilar edi. Bul jol u’lkede Rossiya koloniyashilig’i tiykarlarin bekkemleytug’in edi. U’lke xaliqlarinin’ o’z milliy oshaqlari a’tirapinda qaliwlari sebebinen, olardin’ dushpan bolg’an sovetler Rossiyasina qarsi birlesip, gu’res alip bariwin qiyinlastirar edi. Sol sebepten uzaq g’a’rezsizlikke ziyreklik

[1] Haydarov M “O’zbekistonda millararo munosabatlar: tarix va hozirgi zamon” ilimiy amaliy anjuman materiallari. T, 2003

penen na’zer taslag’an Tu’rkstan u’lkesinin’ aldin’g’i wa’killeri RKP (b) baslamasi menen o’tkizilejaq milliy ma’mleket shegaralaniwina qarsi shiqti. [2]

Orta Aziya ma’mleketlerinen ha’r birinin’ ko’p milletli ekenligi, o’zbekler, tu’rkmenler, ta’jikler, qaraqalpaqlar, qirg’izlar, qazaqlar ha’m basqa jerli xaliqlardin’ u’sh ma’mleket aymaqlarinda tarqalip jasawi tariyxan da’stu’r bolg’an. Mine, usi ma’mleket du’zilmeleri shen’berinde ha’r bir xaliq ya’ki ayriqsha uriwlar xojaliq turmisi sistemasindag’i o’z ornin iyelep, o’zinin’ islep shig’ariw ha’m xojaliq xizmeti menen ma’mleket sotsialliq turmisinin’ tiykarin quraydi. Tu’rkstan aymag’inin’ xaliqlari usi ma’ka’ndi o’zlerinin’ tiykarg’i watani dep bilgen. Watan jalg’izlig’i sezimi xaliq do’retiwshiliginde, u’rip-a’det da’stu’rlerinde, ma’deniyatinda o’z ko’rinisin tapqan ha’m usi aymaqta jasap turg’an barliq xaliqlardin’ ma’ngilik qa’diriyatina aylang’an. Bul aymaqtin’ xaliqlari bir degen ideya a’wladtan-a’wladqa o’tip, milliy jetekshiler, ja’ma’a’t iskerleri ha’m milliy aqsu’yeklerdin’ qaraslari ha’mde a’meliy iskerliginde o’z ko’rinisin tapqan. Aymaq pu’tinligine, xaliqtin’ birligine qa’wip-qa’ter payda bolg’anda mine usi ideya tap bir qalqanday bolip turdi, xaliqlardin’ bir-birinen ajiralip, uzaqlasip ketiwinin’ aldin aliwshi faktor bolip qaldi.

Tariyxiy jaqtan qa’liplesken u’sh ma’mleketti saplastirip, olardin’ ornina jan’a ma’mleketler du’ziw pikiri u’lke ha’m oraydin’ basshi xizmetkerlerinen shiqti. 1920-jildin’ baslarinda-aq TSRdi bo’lip taslap ha’m milliy til belgisine qarap avtonom respublikalar du’ziw ma’selesi qoyilg’an edi. Bul ideya Tu’rkkomissiya raisi Ya.Rudzutak baslamasi menen 1920-jili 15-yanvarda qabil qiling’an tezislerde aytiladi. Bul tezisler sol jildin’ iyun ayinda RKP (b) Orayliq Komitetinin’ “Partiyanin’ Tu’rkstandag’i waziypalari haqqinda” degen qarari joybarina kiritildi. Bul usinisti V.I.Lenin qollap-quwatladi. Joybarg’a bildirgen o’z pikirlerinde ol Tu’rkstannin’ “Ozbekiya, Qirg’iziya, Tu’rkmaniya”g’a bo’lingen kartasin du’ziw za’r’u’r dep ko’rsetedi.[3]

---

[2] “Vatan tarixi ”, R.Shamsutdinov, Sh.Karimov, O’.Ubaydullaev T; 2010 (250-251-252-betler)

[3] “O’zbekiston tarixi” D.A.Alimova, R.H.Karimov, ha’m basqalar T; 2004 (129-130-betler)

## 1.2 Milliy aymaqliq shegaralaniwdi o’tkiziwden go’zlengen maqset

Sovet ha’kimyati tuwisqan, tariyxan bir jalg’iz aymaqta jasap kelgen xaliqlardi bir-birinen ajiratip taslaw, olardin’ birlesip ma’mleket du’ziwine jol qoymaw ushin barliq sharalardi ko’rdi. Bunnan go’zlengen bas maqset – u’lke xaliqlarinin’ birlesiwine, o’z g’a’rezsizligin birgelikte quriwina jol qoymaw ha’m usi tiykarda Oraydin’ bul jerdei hu’kimranlig’ina, sotsialistlik qayta quriw protsessinin’ ha’wij aliwina ken’ maydan jaratiw edi. Usi maqsetde Tu’rkstandi milliy o’zine ta’nlik, til birligi tiykarinda bo’lip taslaw ideyasi ilgeri su’rildi.[1]

Tu’rkstannin’ ha’kimshilik-aymaqliq kartasin qaytadan ko’rip shig’iw bolsheviklerdin’ qaytadan du’ziw siyasatinan u’lkede naraziliq ku’sheyip barg’an, g’a’rezszilik ushin ha’reket ko’lemi ken’eyip baratirg’ani, milliy ma’sele boyinsha Kavkazartinda baslang’an gu’res belgisi ha’m basqa sebeplerge ko’re arqag’a su’rilip turdi. 1920-jilg’a kelip Orta Aziyada TSRdan tisqari Buxara ha’m Xorezm xaliq Sovet respublikalari du’zilgenligi da a’hmiyetli faktor boldi. Bul respublikalar du’zilgennen keyin ma’lim basshilar topari olardi da aymaqliq qayta bo’liw shen’berine tartiw rejelerin ilgeri su’rdi. Milliy respublikalar du’ziw za’ru’rligi ideyasi baslmamashilari oni (yag’niy bul ideyani) jerli xaliqlar turmisinda ten’sizlik barlig’i, milliy kelispewshilikler ku’shiyip baratirg’ani menen tiykarladi. Bul kelispewshiliklerden qutiliw joli tu’rkmenler, qirg’izlar ha’m basqalardin’ milliy ma’mleketin du’ziw dep ja’riyaladi, a’melde bolsa bul shara-ilajlar xaliqlardi bir-birinen ajiratip qoyiwdan basqa na’rse emes edi. Aymaqlardi qaytadan belgilew ha’m shegaralaw ta’repdarlari til pariqlari, milliy pariqlaniwlarg’a diqqatdi ko’birek qaratip, xojaliqqa tiyisli, ekonomikaliq faktorlardi, bar bolg’an suw resurslari, suwg’ariw sistemalarinin’ uliwmaliq ekenligin azlaw esapqa aldi. Uliwma siyasiy ta’repler birinshi da’rejeli esaplandi. Basshi xizmetkerler arasindag’i evropalilar menen tu’pkilikli xaliqlar wa’killeri ortasindag’i alawizliqlar, sonday-aq ayirim toparliq ko’rinisleri mexanik ta’rizde Orta Aziya aymag’i xaliqlari ortasindag’i mu’na’sebetlerge ko’shti. Rudzutak,

[1] “O’zbekiston tarixi”, Q.Usmanov, M.Sadiqov T; 2011 (68-bet)

Stalin ha’m basqalar Orta Aziyada milliy kelispewshilik barlig’in uqtirdi. Milliy ma’sele jasalma tu’rde bo’rttirip jiberildi ha’m ma’mleketler aymag’in tu’pten qayta belgilew ushin sheshiwshi tiykarg’i da’lil sipatinda ilgeri su’rildi. Tu’rkkomissiya ha’m Ya.Rudzutak tezislerine qarama-qarsi tu’rde Turar Risqulov ha’m bir topar milliy jetekshiler 1920-jilda-aq tu’rkiyzabon xaliqlar jalg’iz bolip, olardin’ tariyxiy ildizleri, dinleri, da’stu’rleri ha’m ma’deniyati bir, Tu’rkstandi ayriqsha bo’limlerge ajiratip bolmaydi, degen ideayni aldin’g’a su’rdi. Biraq bul pikirdi bolshevikshe Oray biykar etip, oni panturkizm, panislamizm, burjua milletshiligi dep bahaladi. Orta Aziyani milliy-aymaqliq jaqtan qayta du’ziw ma’selesi partiya organlari ta’repinen islep shig’ildi ha’m a’melge asirildi. Orta Aziya byurosi (Sredazbyuro) uliwma aymaqti qamrap alatug’in shegaralaw za’ru’rligi haqqindag’i ma’seleni respublikalar partiya organlari, partiya xizmetkerleri dodalawina qoyiwg’a zor berip umtildi. Bul jag’day atap aytqanda, SSSR du’zilgennen keyin (1922-jil 30-dekabr) ku’sheydi. 1922-jili ha’m a’siresse 1923-jili jerli milletler wa’killerinin’ bir qansha basshi xizmetker;eri Orta Aziyada a’melge asirilip atirg’an milliy siyasatdan qaniqpay atirg’anin ashiq ma’lim qila basladi. 1923-jili aqirinda Tu’rkstan xizmetkerlerinin’ bir topari Orayg’a xat penen mu’ra’ja’t qilip, onda milliy kelispewshilikler saplastirmastan, ko’birek ha’wij aldirmaqta, dep jazg’an. Usi xatda milliy jetekshiler bar bolg’an ma’lim milliy-aymaqliq kelispewshiliklerdi tariyxan qa’liplesken aymaqlar, baylanislar, ma’mleket du’zimin keskin buzbastan ha’r bir ayriqsha respublika shen’berinde sheshiw za’r’u’r, degen pikirdi ilgeri su’rdi. Ayirim jerlerde bul ideya a’meliy jaqtan ju’zege shig’arildi. 1923-jili oktyabrinde Buxara respublikasinda tu’rkmen ha’m ta’jik wa’layatlari du’zildi. Keyinshelik Xorezm respublikasinda avtonom tu’rkmen ha’m avtonom qirg’iz-qazaq-qaraqalpaq wa’layatlarin du’ziwge qarar qilindi. 1923-jil dekabrinde Ferg’ana oazsisi wa’killeri RSFSR quraminda Ferg’ana avtonom wa’layati du’ziw haqqinda usinis penen shiqti. Biraq bul piker u’lkedegi basshi organlar, da’slepki partiya organlari qa’te piker dep biykar etti. Shegaralaw ideyasin islep shig’ip, oni a’melge asiriw joli ha’m basqa bir qansha usinis da alg’a su’rildi. Biraq Oray ha’m RKP (b) Orayliq Komiteti Orta Aziya

respublikalari aymaqlarinda jalpi aymaqliq shegaralaw shara-ilajlarin qatan’ ilgeri su’rdi.[2]

Bolshevikler partiyasinin’ orayliq organi o’z qarari menen shorizmnin’ Tu’rkstan koloniyasin basqariw tarawindag’i imperiyasha siyasati printsiplerine sadiqlig’in da’lilleydi, bul siyasat Tu’rkstan u’lkesin basqariw haqqindag’i Nizamg’a (1891-jil) muwapiq o’tkizilip kelinip atirg’an edi. Orta Aziyanin’ ha’kimshilik-aymaqliq kartasin qaytadan du’ziw barasindag’i o’z a’hmiyeti ha’m aqibetleri menen u’lken bolg’an bolshevikshe bul ha’reket shorizm nizaminin’ jetilisken formasin a’melde a’melge asiriw ushin qoyilg’an da’slepki qa’dem edi.

Aymaqtag’i milliy azatliq ha’reketinin’ barliq ag’imlari xaliqlardi birlestiriw ideologiyasi sipatinda tu’rkizmnin’ reallig’i ha’m ta’sirshen’liginen derek beredi. Onin’ uranlarin bul ha’reketdin’ ayirim basqishlarinda qatnasqan barliq sotsialliq ku’shler, atap aytqanda, Tu’rkstan Avtonomiyasi, milliy-demokratiyaliq ha’reket (jadidler), istiqlolshilar ha’reketi (“baspashilar” dep atalg’an ha’reket) qollap-quwatladi. Bolsheviklerdin’ milliy aztliq ha’reketine qarsi ilajlardi a’meleg asirip, Tu’rkstan o’z qol astinda saqlap qaliw ushin gu’resti. Ha’m o’z maqsetlerin a’melge asiriw ushin Tu’rkstan xalqin milliy belgisi boyinsha toparlarg’a ajiratiwg’a qaratilg’an ideologiyaliq, siyasiy, til-ma’deniyat ha’m basqalarg’a tiyisli bir qatar ilajlardi a’melge asirdi. [3]

---

[2] “O’zbekiston tarixi” D.A.Alimova, R.H.Karimov, ha’m basqalar T; 2004 (130-131-132- betler)

[3] “O’zbekiston Sovet mustamkachiligi davrida” T; “Sharq” 2000 (283-285)

# II Bap: Orta Aziyada o'tkerilgen milliy aymaqliq shegaralaniwdin' tariyxta tutqan orni

## 2.1 Milliy aymaqliq shegaralaniwdin' a'hmiyeti, sebep ha'm aqibetleri

Orta Aziyani milliy-aymaqliq jaqtan bo'lek respublikalarg'a bo'lip taslaw ma'selesi bir neshe ret Orayda Tu'rkstan, Buxara, Xorezm respublikalarinda, olardin' kompartiyalari plenumlarinda, sonday-aq, olardin' xizmet muwapiqlastirip turiwshi organ – RKP (b) OA Orta Aziya byurosi plenumlarinda dodalanip jergilikli xaliqqa ta'sir ha'm qisimlar o'tkizilip barildi. Milliy-aymaqliq shegaralaniw ma'selesi 1924-jil 5-aprelde RKP (b) OK siyasiy byurosinda, 11-mayda RKP (b) OK Orta Aziya byurosi komissiyasinda korip shig'ildi. Onda Orta Aziya respublikalarinda milliy shegaralaniw joybarin tayarlawshi arnawli komissiya du'zildi. Joybar RKP (b) OK Orta Aziya byurosinin' 1924-jil 2-iyundag'i jiynalisinda dodalanip, tiykarinan maqullandi. Bunnan narazi bolg'an jergilikli xaliq wa'killeri, Xorezm respublikasinin' bir topar juwapker xizmetkerleri, atap aytqanda, XKP OK xatkeri Odinayev, ishki isler xizmetkeri Abdusalomov, Yoqubov, Tu'rkstan ha'm Buxara wa'killeri: Sultanbek Xojanov, Sanjar Asfandiyarov ha'm basqalar jalg'iz Tu'rkstandi bo'lip taslaw maqsetke muwapiq emes, dep naraziliq bildirdi. Olar Tu'rkstan xaliqlari birligin saqlap qaliwg'a qaratilg'an "Orta Aziya federatsiyasin du'ziw haqqinda" usinisin kiritdi. Sonday-aq 1924-jili 8-mayda RKP (b) Orayliq Komitetine "Xorezmde milliy ma'seleni sheshiw haqqinda xat" kelip tu'sedi. Bul xatda da Xorezm respublikasin bo'lip jiberiw maqsetke muwapiq emes delingen edi. Biraq jergilikli xaliqlardin' talap ha'm usinislari esapqa alinbadi. Kersinshe, 1924-jili 12-iyunda RKP (b) OK Siyasiy byurosi "Orta Aziya respublikalarin milliy shegaralaw haqqinda"g'i ma'selege ja'ne qaytip, oni o'tkiziw haqqinda qarar qabil qiladi. So'ylesiwler barg'an sayin qizip barg'anlig'i sebepli waqtinsha Xorezm respublikasinda milliy-aymaqliq shegaralaniwdi toqtatip turiwg'a qarar qilindi. Bul barada Xorezm Kompartiyasi ha'm hu'kimeti basshilarina ha'r ta'repleme ta'sir o'tkizip barildi. Olardin' ko'pshiligi waziypasinan alinadi, qalg'anlari partiya qararina qosiliwg'a ma'jbu'r boladi. Aqibetinde, 1924-jili 26-iyunda Xorezm respublikasi basshilari

Xorezm ushin da milliy shegaralaniwdin' za'ru'rligin aytadi. Sonnan son' 1924-jili 15-iyulda Orta Aziya byurosi milliy shegaralaniw joybarin tayarlaw ha'm 1924-jil oktyabr ayinda oni o'tkiziw za'ru'r degen qatan' juwmaqqa keldi. Usi maqsetde arnawli Orayliq aymaqliq komissiya du'zilip, jerlerde u'git-na'siyat jumislari ku'sheytirip jiberildi. Komissiya 1924-jil sentyabr ayi baslarinda o'z jumisin tiykarinan juwmaqladi.

1924-jili 25-sentyabrde RKP (b) OK Siyasiy byurosi, 9 ha'm 11-oktyabrde RKP (b) Orayliq komiteti bul ma'seleni ko'rip shig'ip, milliy shegaralaniwdi ra'smiylestiriwdi maqsetke muwapiq dep tapti ha'm qarar qabil qildi. Bul qarar 14-oktyabrde SSSR Pu'tkilawqam Orayliq Atqariw Komiteti (POAK) ta'repinen de maqullandi.

Solay etip, sovet hu'kimeti, RKP (b) OA ha'm onin' jerlerdegi jergilikli sho'lkemlerinin' 1920-1924-jillar dawaminda Orta Aziyada alip barg'an, xaliqqa jalg'an wa'deler beriwdi ko'zde tutqan "Leninshe milliy siyasat"di turmisqa engiziw babindag'i a'meliy isleri juwmaqlandi. Bunin' arqasinda u'lkenin' tariyxan qa'liplesken o'zine ta'n milliy qa'siyetleri, aymaqliq pu'tinligi dag'darisqa ushradi. Onin' aymaqlarin kishi-kishi milliy bo'leklerge bo'liw jumislari juwmag'ina 1924-jili 24-oktyabrde RKP (b) OA plenumi son'g'i noqat qoydi. Aqirinda, 1924-jildin' 27-oktyabrde bolip o'tken SSSR POAK II sessiyasi Orta Aziyada milliy-aymaqliq shegaralaniw o'tkiziw ilajlarin toliq maqulladi. Solay etip, hu'kimran Oray zorawanlarinin' birneshe jilliq is-ha'reketleri arqasinda Orta Aziyanin' siyasiy geografiyasi jasalma tu'rde o'zgertirildi. Bul aymaqtag'i ko'p a'sirlik milliy ma'mleketshilik tariyxi d'astu'rlerine shek qoyildi. Bunnin' jarqin belgisi atap aytqanda, Buxara ha'm Xorezm ma'mleketlerinin' zorawanliq joli menen saplastirilg'anlig'inda belgili boldi. Orta Aziya aymag'inda usi da'wirge shekem hu'kim su'rip kelgen u'sh ma'mleket: Tu'rkstan ASSR, Tu'rkmen SSR, sonday-aq, O'zbekstan SSR quraminda Ta'jikstan ASSR du'zildi. Qirg'izlar jasag'an aymaqlar Qaraqirg'iz (Qirg'izstan) avtonom wa'layatina birlestirilip RSFSR quramina, Tu'rkstannin' qazaqlar jasaytug'in rayonlari Qazaqstan ASSR iqtiyarina berildi. Qaraqalpaqlar jasaytug'in aymaqlar

Qaraqalpaq avtonom wa'layatina birlestirilip Qazaqstan ASSR quramina kiritildi. U'lkede bes milliy ma'mleket birlespeleri du'zildi. Na'tiyjede, jalg'iz Tu'rkstan xaliqlari bir-birinen jasalma tu'rde uzaqlastirildi. Bul jag'day sovetlerge u'lkede o'z ha'kimyatin bekkemlep aliw ushin imkaniyatlar jaratip berdi.[1]

Tu'rkstan u'lkesin bo'lip taslaw menen shoralar milliy milliy ma'mleketshiligimizdin' min' jilliq rawajlaniw tariyxina pu'tir jetkizdi. Millettin' bir bo'limi o'z ata-babalari jerinde jasap, miynet qilsa da, ra'smiy ta'riypine ko're, "az sanli millet" ge aylanip qalg'an edi. Bolshevikler u'lgisindegi milliy-aymaqliq shegaralaniw Orta Aziya xaliqlari ortasindag'i bolajaq millerara mu'na'sebetlerdi keskinlestirip turiwi, ayriqsha jag'daylarda partlap, tu'rli kelispewshiliklerge sebep boliwi aniq edi. Jan'a sovet respublikalarin "milliy ma'mleketshiliginin' du'zilgenligi" dep baha beriw qa'te bolsa kerek. SSSR quramindag'i usi du'zilmeler Oray iqtiyarinda bolip, alding'iday og'an arzan shiyki zat jetkizip beriwge qa'niygelesken koloniyalar bolip qala berdi.[2]

## 2.2O'zbekstan SSR inin' du'ziliwi

Milliy aymaqliq shegaralaniw O'zbekstan xaliqlari ushin ha'r ta'repleme basqasha a'hmiyetke iye boldi. Ol xaliqtin' sotsialliq-siyasiy turmisina, ma'deniyatina, da'stu'rlerine u'lken ta'sir ko'rsetdi. Aymaq kartasi qaytadan du'zildi. O'zbekstan SSRinin' du'ziliwi bolsa O'zbekstan xalqi ma'mleket du'zilisi tariyxinda diqqatqa ilayiq waqiyalardin' biri bolip qaldi. Biraq bul o'zbek ma'mleketshiligi tariyxinda tiykar salindi, degen ma'nisti an'latpaydi, a'lbette. Xalqimizdin' ma'mleketshiligi ko'p a'sirlik tariyxina iye. O'zbekstan SSR bolsa a'melde heshqanday g'a'rezsiz siyasiy huqiqlarg'a iye emes edi, sebebi ol mustabid sovet du'ziminin' jan'a formadag'i bir bo'limi edi.[1]

Milliy shegaralaniw na'tiyjesinde O'zbekstan SSR du'zildi. Onin' quramina to'mendegi aymaqlar kirgizildi:

---

[1] "O'zbekiston tarixi", Q.Usmanov, M.Sadiqov T; 2011 (69-70-71-betler)

[2] "O'zbekiston tarixi", T; 2003 (442-bet)

[1] O'zbekiston tarixi" D.A.Alimova, R.H.Karimov, ha'm basqalar T; 2004 (136-bet)

- Tu’rkstan ASSRnan 9 uyezd, 133 rayon ha’m 7 awil okrugi
- Buxara respublikasinin’ 9 wa’layati
- Xorezm respublikasinin’ 23 rayoni

O’zbekstan SSR du’zilgen waqitta onin’ aymag’i 312394 kv.km, xalqi 4 mln 447 min’ 55 adamdi qurag’an. 1926-jil mag’liwmatlarg’a ko’re, milliy quramina ko’re xaliqtin’ 74,2% o’zbekler, qalg’anlari bolsa basqa millet qurag’an. O’zbekstan SSRdin’ paytaxti 1925-jil aprelde Samarqand qilip belgilendi. 1930-jil aqirinda paytaxt Tashkentke ko’shirildi. O’zbekstan SSr aymag’inda pu’tkil ha’kimyat O’zbekstan SSR Sovetlerinin’ sho’lkemlestiriw quriltayina shekem waqtinshaliq Revolyutsiyaliq komitet iqtiyarina berildi. Buxara Respublikasi hu’kimeti raisi, taniqli ma’mleket iskeri Fayzulla Xojayev O’zbekstan SSR Revolyutsiyaliq komiteti raisi qilip tastiyiqlandi.

1924-jili 5-dekabrde Revolyutsiyaliq komitet pu’tkil O’zbekstan xalqina mu’ra’ja’t qilip, O’zbekstan SSR du’zilgenligin, onin’ quramina Ta’jikstan ASSR kirgenligin ma’lim qildi. Milliy shegaralaniw menen bir waqitta ekonomikaliq bo’liniw da o’tkizildi. Tu’rkstan, Buxara, xorzem respublikalarina tiyisli barliq bayliqlar jan’a milliy respublikalar ortasinda qayta bo’listirildi. Bul jumislar sovet hu’kimeti ta’repinen arnawli du’zilgen Orta Aziya saplastiriw kommisiyasi basshilig’inda a’melge asirildi. 1925-jili 13-fevralda Buxaradag’i xaliq u’yinde sovetlerdin’ birinshi quriltayi ashildi. Quriltay “O’zbekstan Sovet sotsiallistlik Respublikasi du’zilgenligi haqqindag’i Deklaratsiya” ni qabil etti. Quriltaydi ma’mleketlik ha’kimyat joqarg’i organlari du’zilgenligi ra’smiylestirildi. O’zbekstan SSR sovetleri Orayliq atqariw komiteti baslig’i lawazimina ferg’anali diyqan, “Qosshi” sho’lkemi basshilarinan biri Yo’ldosh Oxunboboyev saylandi. O’zbekstan SSR hu’kimeti – Xaliq Komisarlari Ken’esi baslig’i lawazimina Fayzulla Xo’jayev tastiyiqlandi. Milliy shegaralaniw da’wirinde Orta Aziyada iskerlik ko’rsetip kelgen partiya komsomol ha’m xojaliq sho’lkemlerinde bir qansha sho’lkemlesken o’zgerisler a’melge asirildi. Tu’rkstan, Buxara ha’m Xorezm kommunistik partiyalar, komsomol ha’m xojaliq sho’lkemleri, ka’siplik awqamlari qayta sho’lkemlestirildi,

O’zbekstan Kompartiyasinin’ 1925-jil 6-12-fevral ku’nleri Buxarada bolip o’tken 1-usinis syezdinde O’zbekstan komunstlik (bolshevikler) partiyasi sho’lkemleskenlik jaqtan ra’smiylesti. Onin’ Orayliq Komiteti saylandi. V.I.Ivanov ha’m Akmal Ikramov (1927-jildan birinshi xatker) Orayliq Komitetdin’ juwapker xatkerleri etip saylandi. Sol jili O’zbekstan Komsomoli (O’z LKSM), Respublika ka’siplik awqamlari, onin’ basshi organlari da du’zildi. Olar respublikada Oray ha’m sovet ha’kimyatinin’ tayanish organlari bolip qaldi. Sovet hu’kimeti O’zbekstanda o’zinin’ ra’smiy partiya, sovet, komsomol ha’m xojaliq sho’lkemlerin du’zip, a’ste-aqirin siyasiy ha’m ekonomikaliq tayanish bekkemlep bardi. Bul bolsa og’an O’zbekstanda ken’ tu’rde bolshevistik siyasat ju’rgiziw imkaniyatin berdi. Solay etip, sovetler pu’tkil Shoralar menen O’zbekstanda o’z ha’kimyatin bekkemlewdi dawam etti.

1925-jil may ayinda O’zbekstan SSSR quramina kiritildi. SSSR Konstitutsiyasi, onin’ tiykarg’i nizam-qag’iydalari O’zbekstan SSR aymag’inda tikkeley isleytug’in boldi. 1927-jilda qabil qiling’an O’zbekstan SSRdin’ birinshi ha’m 1937-jilda qabil qiling’an ekinshi Konstitutsiyasi ha’m a’melde SSSR Konstitutsiyasinin’ ko’shirme nusqasi edi. Sebebi O’zbekstan qag’azdag’i “suveren” respublika bolip, a’melde Orayg’a ta’wbe ha’m qaram bir u’lke edi. Ol o’z xalqinin’ milliy ma’plerine tiyisli birde-bir a’hmiyetli turmisliq ma’seleni Awqam hu’kimetinen bo’lek tu’rde sheshe almaytug’in edi. Bug’an onin’ ha’ddi siymaytug’in edi. Respublikanin’ ishki ha’m sirtqi siyasatqa tiyisli barliq ma’seleler awqam hu’kimeti quraminda edi. Ma’slen, O’zbekstan xalqi, onin’ hu’kimeti razilig’in soramastan 1929-jilda Ta’jikstan ASSR O’zbekstan SSR quraminan shig’arilip, Ta’jikstan Sovet Sotsiallistlik Respublikasina aylantirildi ha’mde SSSRg’a qabil qilindi. Solay etip, qag’azada suveren respublika sipatinda qa’liplestirilip, hu’kimran sovet imperiya quramina kiritilgen O’zbekstan SSR a’melde a’melde Orayg;a toliq boysiniwshi, arzan shiyki zat o’nimlerin jetkizip beriwshi bir shetki u’lke bolip qala berdi.[2]

[2] “O’zbekiston tarixi”, Q.Usmanov, M.Sadiqov T; 2011 (71-bet)

## 2.3 Milliy aymaqliq shegaralaniwdin' Qaraqalpaqstang'a ta'siri

Orta Aziya ha'm Qazaqstan aymag'inda jasawshi xaliqlar bul u'lken ma'kandi a'yyemgi zamanlardan berli o'zlerinin' Watani dep esaplaytug'in edi. Olar tiykarinan bir tu'rkiy xaliq. Buni olardin' o'zine ta'n ma'deniyati ha'm u'rp-a'detleri, ekonomikaliq ha'm ruwxiy birligi da'lillep turar edi. Bul xaliqlar tek ja'miyetlik-siyasiy jag'dayi, a'sirese feodalliq pitiran'qiliq na'tiyjesinde xanliq ha'm basqa da tu'rdegi basqariwlarg'a bo'linip ketken edi.

Bul xaliqlardi bo'lip Sovetlik milliy ma'mleketler du'ziw haqqindag'i pikirdi orayliq ha'm u'lkedegi evropaliq basshilar payda etti. Olar Orta Aziyadag'i xaliqlardin' tili ha'm basqa da geypara ayirmashiliqlarin basli ma'sele etip, ekonomika, xojaliq, a'sirese, jer-suw resurslarinm' uliwmaliq birligine a'hmiyet bermedi. Uliwma alg'anda, olar Sovetlik siyasiy ma'seleni birinshi oring'a qoydi. Sonliqtan milliy shegaralaw ideyasi u'lkede u'lken qarama-qarsiliqlarg'a ushiradi ha'm ha'r qiyli ko'z-qarastag'i toparlar payda boldi. Sol sebepli 1920-jili baslang'an milliy shegaralaw ma'seleleri keyinge sozildi. Milliy shegaralaw tezislerine 1920-jili-aq Turar Risqulov ha'm bir topar milliy basshilar qarsi shiqti. Olar — tu'rkiy xaliqlar birtuwisqan bolip, olardin' o'zine ta'n u'rp-a'detleri, dini, xojalig'i ha'm ma'deniyati bar. Tu'rkstandi bo'lsheklewge bolmaydi,— degen pikirdi qollap quwatladi. Biraq. bul pikirdi Oraydin' tapsirmasi boyinsha bolshevik Ya. Rudzutak ha'm M. Frunze basshilig'indag'i topar biykarladi ha'm oni «pankturkizm, panislamizm ha'm burjuaziyahq milletshilik» dep bahaladi Biraq, ba'ri bir qarama-qarsiliqlar dawam etti. Bir qansha milliy basshilar Orayg'a xat jazip, o'z pikirlerin ayta basladi. Ma'selen, 1924-jili fevralda Buxaradag'i F.Xojaev: «Tu'rkiy xaliqlardin' birligin esapqa almaytug'in siyasat o'tmishtegi feodalliq g'a'rezsizlik siyasatina uqsaydi.»—dep, jazdi.

Bolsheviklik Oray milliy shegaralaw ma'selesinde qatan' siyasat ju'rgizdi ha'm Sovetlik milliy shegaralastiriw juimslarin ju'rgize basladi. Milliy shegaralaw na'tiyjesinde Orayliq Aziyada O'zbekstan, Qazaqstan, Tu'rkmenstan ha'm Qirg'izstan respublikalari du'zilip atirg'an waqitta Qaraqalpaqstan Avtonomiyali oblastin du'ziw ushin gu'res baslandi. Onda Allayar Dosnazarov

basshilig’indag’i ja’rdemshi komissiya jumisi aytarliqtay jumis isledi.

Bul ma’sele boyinsha Shoraxan, Shimbay, Xojeli, Qon’irat ha’m basqa da qalalarda Allayar Dosnazarovqa tiyisli mag’liwmatlar jiynadi ha’m u’lken jumislar islendi. 1924-jili 14-oktyabrdegi Sovetlerdin' Pu’tkil Awqamliq Orayliq Arqariw Komitetinin’ ekinshi sessivasi Tu’rkstan «Orayliq Atqariw Komitetinin’» milliy shegaralaw haqqindag’i qararin bir  qatar o’zgerisler menen tastiyiqladi. Bul sessiyada milliy shegaralaw komissiyasinin’ qaraqalpaq boyinsha ja’rdemshi komissiyasinin' baslig’i A.Dosnazarov shig’ip so’yledi ha’m ol qaraqalpaqlar da tatarlar ha’m basqa xaliqlar siyaqli o’z ana tili ha’m ma'deniyatina iye xaliq ekenin da'lilledi. Onin’ so’ylegen so’zlerin qazaqtin’ danishpan jaziwshi-shayiri Sa’ken Seyfullin russhag’a awdarip turdi. A. Dosnazarov haqqinda Qaraqalpaqstan xaliq shayiri Ayapbergen Muwsaevtin’ sol jillan jazg’an «Bola basladi» degen qosig’inda minaday qatarlar bar: Misali:

... O’z milletim deyip Qaraqalpaqti,
Bir bolsin dep arjaq penen berjaqti,
Uli Dosnazardin’’ Allahiyari,
Ma’skew ma’jilisine bara basladi...

Solay etip, ko’p tartis ha’m qiyinshiliqlardan keyin oray Qazaqstan quramina kiretug’in Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatm du’ziwge qarar etti ha’m Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatimn’ Revolyutsiyaliq Komiteti du’zildi. Revkom baslig’i bolip  A. Dosnazarov tastiyiqlandi. Ol sho’lkemlestiriw byurosi juwapli sekratari dep ataldi. Bul xabar wa’layattin’ barliq qalalarina jetti ha’m Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinin’ birinshi sho’lkemlestiriw siezdin o’tkeriw ushin tayarliq mapazi baslandi.

1925-iili 12—19-fevral qalasinda Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinin’ birinshi sho’lkemlestiriw siezdi boldi. Siezdde Qazaqstan ASSRi quraminda Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinin' du’zilgenligi haqqinda «Deklaratsiya» dag’azalandi. Siezdde Qaraqalpaqstan avtonomiyali wa’layatinin' Atqariw Komiteti ha’m Sovetlerdin’ Pu’tkil  Qazaqstan V siezdine 40 adamnan

ibarat delagatlar saylandi. Atqariw Komitettin’ quramina A.Dosnazarov, A’.Qudabaev, I.Bekimbetov, Q.A’wezov, E.Kojurov, J.Atashev ha’m basqalar kirdi. Atqariw komitetinin’ baslig’i bolip A’.Qurbanbaev, al basliqtin’ orinbasarlari bolip A.A’yteshov ha’m I.Nepesovlar tastiyiqlandi. Sho’lkemlestirw byurosinin’ baslig’i A.Dosnazarov Atqariw Komitet Prezidiuminin’ ag’zalig’inan saylandi. 1925-jili 15—19-aprel ku’nleri Qizil Orda qalasinda bolip o'tken pu’lkil Qazaqstan Sovetlerinin’ V sezdi Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatin Qazaqstan quramina qabil etiw haqqinda qarar shig’ardi. Bul qarar 1925-jili 11-maydag’i Sovetlerdin' pu’tkil Awqamliq XII siezdinde tastiyqlandi. Solay etip, qaraqalpaq xalqinin’ ma’mleketligi qaytadan tiklendi.
Qaraqalpaqstan Avtonomiyaliq wa’layati: To’rtku’l, Shimbay, Xojeli ha’m Qon’irat okruglerinen’ ibarat boldi. Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinin’ aymag’i 160 mm’ kv.km. edi. 1926-jilg’i xaliqtin’ esabin aliwdin’ mag’liwmatlarina muwapiq wa’layat xalqinin’ 38.1% qaraqalpaqlar, 28,5% qazaqlar, 27,6% o’zbekler, 3,2% tu’ rkmenler, 2,6% basqa xaliqlar wa’killeri edi. Wa’layatta Oraylastirilg’an partiyaliq u’stemlikti iske asiriw ha’m oni bekkemlew ushin tiyisli ilajlar ko’rildi. 1925-jil 19-23-oktyabr aralig'inda To’rtku’l birinshi Qaraqalpaqstan wa’layatliq partiya konferentsiyasi bolip onda wa'layatliq partiya komitetinin’ basqariw organlarin ha’m Qazaqstan wa’layatliq partiya konferentsiyasina delegatlar saylandi. So'ytip, Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinda Oraylasqan bir partiyaliq u’stemlik du'zildi. Soni da aytiw kerek, milliy shegaralaw da’wirinde Qaraqalpaqstan xaliqlari birigiw ta’repinde bolsa da, bul birigiw na’tiyjesinde du'zilgen Sovetlik ha’kimiyatqa ha’m partiyaliq basshiliqqa narazi boldi. Oni Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinin’ Atqariw Komiteti o’zinin’ 1926-jilg'i Xojeli ha’m Qon'irattag’i Sovetlik qurilis haqqindag’i tezislerinde moyinladi. Onda «ma’mleketlik shegaralardin’ belgileniwi ha’m Qaraqalpaqstan Avtonomiyali wa’layatinin’ du’ziliwi waqtinda, biz Qon’irat ham Xojeli okruglerinde haqiyqat basshiliqqa iye bolmadiq»— dedi. Qaraqalpaqstanda Sovet ha’kimiyatina naraziliqlar avtonomiyali oblast

du’zilgennen son' da dawam etti.[1]

Qaraqalpaqstan avtonom wa’layati du’zilgennen keyin sovetler bul jerde da sotsiallistlik qurilisti ha’wij aldirip jiberdi. Atap aytqanda, rayon ha’m awillardi sovetlestiriw ken’ ko’lemde alip barildi. Sovetlerge batrak ha’m kambag’allar saylanip, olardin’ tiykarg’ilarin kumminst ha’m komsomollar quradi. Ma’mlekette wayran bolg’an sanaatdin’ tu’rli tarawlari, awil xojalig’i ha’m suwg’ariw jumislarin tiklew a’melge asirildi. Qaraqalpaqstan ekonomikasinin’ rawajlaniwi bir ta’repleme qa’siyetke iye bolip, SSSRdin’ orayliq aymaqlari sanaatin rawajlandiriw mu’ta’jliklerin ta’miynlewge qaratilg’an edi. Avtonom wa’layati sanaatinin’ jetekshi tarmaqlarin paxta tazalaw ha’m baliq-konserva zavodlari quraytug’in edi. Sanaatdi jedellestiriw penen bir qatarda awil xojalig’inin’ barliq tarawlarin rawajlandiriwg’a u’lken itibar qaratildi ha’m bul jerge ko’p mug’darda awil xojaliq buyimlari keltirile baslanip, bay ha’m ruwxaniylerden tartip aling’an jerler esabina jersiz ha’m kem jerli diyqanlar jer menen ta’miynlendi.[2]

---

[1] “Qaraqalpaqstan tariyxi” S.A.Kamalov, Q.S.Saribaev, M.A.Karlibaev, M.Q.Saribaev No’kis, “Bilim” 2005 (17-18-19-20-betler)
[2] “O’zbekiston tarixi”, T; 2003 (443-bet)

## Juwmaqlaw

Juwmaqlap aytqanda, haqiqatdan da Orta Aziya ma’mleketlerinen ha’r birinin’ ko‘p milletli ekenligi, o‘zbekler, tu’rkmenler, ta’jikler, qaraqalpaqlar, qirg‘izlar, qazaqlar ha’m basqa jerli xaliqlardin’ u’sh ma’mleket aymaqlarinda tarqalip jasawi tariyxan da’stu’riy bolg’an. Mine, usi ma’mleket du’zilmeleri shen’berinde ha’r bir xaliq ya’ki ayiqsha uriwlar xojaliq turmisi sistemasindag’i o‘z o‘rnin iyelep, o‘zinin’ islep shig’ariw ha’m xojaliq xizmeti menen ma’mleket ha’m aymaq sotsialliq turmisnin’ bir pu’tin shinjirindag’i uzilmes halqani payda etken. Tu’rkstan aymag’inin’ xaliqlari usi ma’kandi a’yyemnen o‘zlerinin’ tiykarg’i watani dep bilgen. Solay etip, Orta Aziyani shegaralap bo‘liw ha’m milliy respublikalar du’ziw ideyasi 1924-jilda a’melge asirila baslandi.

Milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ o’tkziliwi O’zbekistan tariyxinda u’lken bir siyasiy waqiya bolip esaplanadi. Juwmaq orninda soni aytiw mu’mkin, sovet ma’mleketi o’z hu’kimranlig’in bekkemlew ha’m koloniyashiliqti qolda uslap tura aliw ushin milleti, tili, dini, u’rip-a’deti, du’nya qarasi jaqin ha’m bir pu’tin bolg’an, ildizi bir bolg’an xaliqlardi bir-birinen bo’lip jiberdi. U’lkeni basqariw an’sat boliwi ushin “Bo’lip taslap, hu’kimranliq qil” siyasatin qolladi.

Milliy ma’mleket shegaralaniwi sonday ustaliq penen o’tkizildi, bul aymaqta a’yyemnen bir ata-anadan tuwilg’an qan-qarindastay ag’a-ini, dos ha’m tatiw bolip jasap kiyatirg’an qirg’iz, qazaq, ta’jik, tu’rkmen, o’zbek ha’m qaraqalpaqlardin’ birewi de olarg’a qansha aymaqliq jer maydan tiygenligine qaramastan bul bo’liniwden qanig’iw payda etpeydi, olardin’ kewlinde milliy shegaralaniwdan naraziliq ma’n’gilik saqlanip qaldi. Bul jag’day ha’zirgi ku’nde de o’zinin’ unamsiz ta’sirin ko’rsetpekte. Naraziliqtin’ basil sebebi – milliy aymaqliq shegaralaniwdin’ a’dalatli o’tkizilmegenligi, ol ya’ki bul millet wa’killeri jasaytug’in “barliq aymaqlar”din’ o’z respublikasi aymag’ina ajiratip berilmegenligi, ol jerlerdin’ basqa millet ati menen ataliwshi respublika qaramag’inda qalip ketkenligi.

Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi:


1. Islam Karimov “Joqari ma’nawiyat – jan’ilmes ku’sh”, T; 2008
2. Islam Karimov “Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q”, T; 1998
3. Haydarov M “O’zbekistonda millararo munosabatlar: tarix va hozirgi zamon” ilimiy amaliy anjuman materiallari. T, 2003
4. “O’zbekiston tarixi” D.A.Alimova, R.H.Karimov, ha’m basqalar T; 2004
5. “O’zbekiston tarixi”, Q.Usmanov, M.Sadiqov T; 2011
6. “Vatan tarixi ”, R.Shamsutdinov, Sh.Karimov, O’.Ubaydullaev T; 2010
7. “Qaraqalpaqstan tariyxi” S.A.Kamalov, Q.S.Saribaev, M.A.Karlibaev, Q.Saribaev No’kis, “Bilim” 2005
8. “O’zbekiston tarixi”, T; 2003
9. “O’zbekiston Sovet mustamkachiligi davrida” T; “Sharq” 2000
10. Murtazaeva R ha’m basqalar “O’zbekistan tariyxi”, T; 2003


Internet ta’lim resurslar:


1. www.ziyonet.uz
2. www.kitob.uz
3. www.referat.uz
4. www.google.uz